# Why did Jesus Die?



## 1. Because we are all sinners!

Марк 2:17 Исус ар зызэхехым, ариIуагъ: Псаухэр арэп Iазэ зищыкIагъэхэр, сымаджэхэр ары нахь. ПIъыпкъагъэ зиIэ цIыфхэм сяджэнэу арэп сыкъызфэкIуагъэр, псэкIод зышIэхэрэр япсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэм пае, сяджэнэу ары нахь.

Рим 3:10 Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытым фэдэу, «Шъыпкъагъэ зиIэ цIыф зи щыIэп.

Маттэ 18:11 Сыда пIомэ ЦIыф Лъэпкъым Ыкъо къызыфэкIуагъэр цIыф кIодыгъэм лъыхъунышъ, мыкIодэу къыгъэнэжьыныр ары.

## 2. Because there is a cost for that sin!

Маттэ 15:18-20 Ау жэм къыдэкIыхэрэр гу кIоцIым къекIых. Ахэр ары цIыфыр мыкъабзэу зышIыхэрэр; сыда пIомэ гум къикIыхэрэр мыхэр ары: гупшысэ бзаджэхэр, цIыф укIыныр, зинэ шIэныр, тыгъоныр, цIыфхэм пцIы ателъхьаныр, Iэягъэкlэ цIыфхэм атегущыIэныр. Ахэр ары цIыфыр мыкъабзэу зышIыхэрэр. Ау Iэ мытхьакIыгъэхэмкIэ шхэным цIыфыр мыкъабзэу ышIырэп.

Рим 6:23 Сыда пIомэ псэкIодым къыхэкIырэр лIэныгъэр ары. Ау Исус Христосэу ти Зиусхьан тыгухэм зэрарылъым пае, Тхьэм тынышхоу къытитырэр мыкIодыжьын щыIэныгъэр ары.

Марк 16:16 Хэти зышIошъ хъоу, зыгорэм зезыгъэумэхъырэр мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыпцт, ау хэти зышIошъ мыхъурэр Тхьэм ыгъэ мысэщт.



**There is a cost for sin!**

## 3. Because Jesus died and paid for our sins on the cross!

Маттэ 1:21 Мерэм къо къыфэхъущт, о ащ цlэу фэуусыщтри Исус, сыда пlомэ ащ ылъэпкъ ипсэкlодхэм ялъэкlыныгъэ къыlэкlихыжьынышъ, мыкlодхэу къыгъэнэжьыщтых.

Рим 5:8 Ау шlулъэгъуныгъэу къытфыриlэр Тхьэм мырэущтэу къыгъэлъэгъуагъ: Тэ тыпсэкlодышlэ пэтызэ, Христос тэщ пае лlагъэ.

Иуан 3:16 Сыда пlомэ Тхьэм дунаем ицlыфхэр ащ фэдизэу шlу зэрилъэгъугъэхэм къыхэкlэу, ежь Ыкъо закъор ытыгъ, хэти Тхьэм Ыкъокlэ шlошъхъуныгъэ зиlэр мыкlодэу къэнэжьыным ыкlи мыкlодыжьын щыlэныгъэ иlэ хъуным пае.

Маттэ 18:11 Сыда пlомэ Цlыф Лъэпкъым Ыкъо къызыфэкlуагъэр цlыф кlодыгъэм лъыхъунышъ, мыкlодэу къыгъэнэжьыныр ары.

## 4. Salvation is a free gift, not by good works. You must take God’s word for it, and trust Jesus alone!

Апостолхэм lофхэу 4:12 Цlыфхэр мыкlодхэу къэзыгъэнэжьырэ закъор Исус ары. Ащ ыцlэ нэмыкlэу, Тхьэм уашъом ычlэгъ чlэт цlыфхэм аритыгъэу зи щыlэп тымыкlодэу тыкъэзыгъэнэжьын зылъэкlынэу.

Ефес 2:8-9 Тхьэм ынэшlу щыфэныгъэкlэ шъумыкlодэу шъукъигъэнэжьыгъ, шlошъхъуныгъэ шъуиlэ зэрэхъугъэм пае. Ар къызпкъырыкlыгъэр шъорэп, ар Тхьэм итын нахь. Пlиу зэрэтшlагъэр арэп тымыкlодэу Тхьэм тыкъызкlигъэнэжьырэр. Цlыфыр зыщымытхъужьыным пае, Тхьэм а lофыр арэущтэу ыгъэпсыгъ.

Тит 3:5 тымыкlодэу тыкъигъэнэжьыгъ. Шъыпкъагъэ зиlэ lофхэу тэ тшlагъэхэм яlоф ащ хэлъыгъэп. Тхьэм гукlэгъуныгъэ зэриlэр ары тымыкlодэу тыкъызкlигъэнэжьыгъэр. Тхьэм Ыпсэ Лъапlэ тыгухэр къызэригъэкъэбзэжьыгъэмкlэ икlэрыкlэу тыкъалъфыжьыгъэу тигъэхъугъ, тыгухэм арылъхэри зэрихъокlыгъэх.

# 5. We must put our faith and trust in Christ alone!

Марк 9:23 «Зыгорэ пшIэн плъэкIымэ», оIо, риIуагъ Исус а лIым. ШIошъхъуныгъэ зиIэм сыдрэ Iофи ышIэн елъэкIы.

Марк 1:15 Мафэр къэсыгъ, Тхьэм и Тетыгъошхуи къэблэгъагъ. ШъуипсэкIодхэм шъуафыкIэгъожьи, къэбарышIур шъушIошъ жъугъэхъу, ыIощтыгъ.

Марк 10:15 Шъыпкъэр шъосэIо, сабыим Тхьэм и Тетыгъошхо зэридэрэм фэдэу, хэтми Тхьэм и Тетыгъошхо зымыдэрэр а Тетыгъошхом ыIэчIэгъ чIэхьащтэп.

Рим 10:9-10,13 УжэкIэ цIыфхэм апашъхьэ Исус Зиусхьанэу зэрэщытыр къыщыпIомэ, Тхьэм ар лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэмкIи угукIэ шIошъхъуныгъэ уиIэмэ, умыкIодэу Тхьэм укъиигъэнэжьыщт. Сыда пIомэ цIыфэу зыгукIэ шIошъхъуныгъэ зиIэм Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ иIэу ылъытэщт, цIыфмэ апашъхьэ Исус Зиусхьанэу зэрэщытыр къыщызыIорэри мыкIодэу Тхьэм къыгъэнэжьыщт. Сыда пIомэ «Хэти къыдэIэпыIэнэу ежььым елъэIурэр мыкIодэу Зиусхьаным къыгъэнэжьыщт».



**Put your faith in Christ alone!**

*If you want to accept Jesus Christ as your Savior and receive forgiveness from God, here is prayer you can pray. Saying this prayer or any other prayer will not save you. It is only trusting in Jesus Christ that can provide forgiveness of sins. This prayer is simply a way to express to God your faith in Him and thank Him for providing for your forgiveness.*

**"Lord,**

**I know that I am a sinner. I know that I deserve the consequences of my sin which is death and hell. However, I am trusting in Jesus Christ as my Savior. I believe that His death and resurrection provided for my forgiveness. I trust in Jesus and Jesus alone as my personal Lord and Savior. Thank you Lord, for saving me and forgiving me! Amen!"**